

BAB V PANUTUP

Dina bab panutup, dipedar ngeunaan (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) saran, tina hasil panalungtikan kana guguritan *Asmarandana nu Kami* karya Haji Hasan Mustapa. Éta perkara téh ébréh dina pedaran ieu di handap.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana déskripsi anu geus dipidangkeun dina bab saméméhna (Bab IV), nya éta ngeunaan “Guguritan *Asmarandana nu Kami* karya Haji Hasan Mustapa (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”, ébréh dina kacindekan di handap.

Guguritan AnK mangrupa salasahiji karya Haji Hasan Mustapa anu jumlah padana aya 261 pada. Dumasar kana hasil analisis struktur puisi guguritan, unggal pada guguritan AnK miboga struktur pupuh nya éta guru gatra, guru lagu jeung guru wilangan. Aya anu luyu jeung aturan pupuh *Asmarandana*, tapi aya ogé anu teu luyu. Ieu hal lantaran aya sawatara hal anu nyampak dina pada guguritan AnK, saperti ayana sisindiran, wawangsalan, jeung paribasa. Salian ti éta, aya struktur puisi séjén nya éta diksi anu ngawengku *subjek lirik* jeung rarangkén anu teu ilahar, imaji anu ngawengku imaji paningal, pangrasa, jeung pangdégé, jeung basa figuratif anu ngawengku gaya basa paralélisme (purwakanti) jeung paribasa.

Eusi guguritan AnK, sabada dipaluruh ngagunakeun métodeu interprétasi hermeneutik, kapanggih sawatara hal, nya éta ngeunaan muamalah, akidah, jeung ibadah. Perkara muamalah ngawengku papatah ngeunaan (1) papatah hirup keur dirina, (2) papatah hirup jeung sasama, (3) papatah hirup ka lingkungan. Saterusna perkara akidah ngawengku perkara (1) iman ka Allah minangka dat nu Maha Tunggal, jeung (2) iman ka para nabi Allah, saperti Rasulullah Muhammad SAW, Nabi Adam a.s, Nabi Ibrahim a.s, jrrd. Sedengkeun perkara ibadah sacara gurat badag eusina ngeunaan ibadah mahdhoh jeung ibadah ghoir mahdhoh.

Konsép ajén étnopédagogik nyoko kana ajén atikan tina kabudayaan lokal atawa kabudayaan Sunda. Saperti dina guguritan AnK, nyampak ajén-ajén anu

luhung nya éta: (1) Prilaku Nyunda Tri-silas anu ngawengku silih asih, silih asah, jeung silih asuh; (2); Catur Jatidiri Insan anu ngawengku pengkuh agamana, luhung élmana, jembar budayana, jeung rancagé gawéna ; (3) Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya) anu ngawengku cageur, bageur, bener, pinter, singer; jeung (4) Moral Kamanusan anu ngawengku moral manusa ka Pangéran, moral manusa salaku pribadi, moral manusa jeung manusa séjénna, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngahontal tujuan hirupna.

5.2 Implikasi

Saméméh asupna agama Islam ka tatar Sunda, masarakat Sunda geus miboga kabeungharan budaya anu jadi adat-istiadatna. Gambaran ngeunaan ajaran agama jeung budaya Sunda bisa kapanggih tina papatah anu biasa dihariringkeun, atawa dihaleuangkeun ku masarakatna harita. Tangtu éta karya mangrupa hasil ngolah basa – jadi karya sastra – ti para bujangga Sunda. Kalungguhan karya sastra di masarakat bisa mangrupa hiburan, tapi bisa ogé jadi sarana nepikeun hiji pamahaman jeung ajaran (agama), saperti guguritan *Asmarandana nu Kami* karya Haji Hasan Mustapa. Ku cara neuleuman kekecapan jeung nyarungsum eusi guguritan, ieu panalungtikan miboga udagan maluruh struktur fisik, eusi, jeung ajén étnopédagogik dina guguritan AnK.

Dina ieu panalungtikan, udagan anu hayang dihontalna nya éta meunangkeun ajén-inajén atikan anu sumberna tina kabudayaan lokal. Ajén atikan budaya lokal (Sunda) éta dasarna tina ajaran agama, sabab hirup masarakat Sunda dipikawanoh leket pisan jeung Islam. Ku kituna para pangarang sastra Sunda – baheula – karyana loba ngeunaan réligiusitas. Éta hal anu dipiharep sangkan masarakat Sunda bisa ngeunteung, maham, jeung nuturkeun lampah dumasar kana ajén-inajén atikan, moral, jeung agama dina nyorang kahirupan, guna ngungkulan pasualan-pasualan anu disanghareupanna mangsa kiwari. Saterusna, masarakat dipiharep bisa leuwih wanoh jero kana kaarifan budaya lokal anu luhung ku élmu pangaweruh.

5.3 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan “Guguritan *Asmarandana nu Kami* karya Haji Hasan Mustapa (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”, aya sawatara rékoméndasi tina ieu panalungtikan, di antarana:

- a. Guguritan *Asmarandana nu Kami* miboga ajén étnopédagogik anu luhung, jeung bisa dijadikeun salasihiji bahan ajar pikeun ngaronjatkeun karakter manusa anu luyu jeung étika urang Sunda;
- b. Dina téks guguritan AnK, loba pisan kekecapan anu ngandung harti konotasi, ku kituna dina neuleuman karya HHM urang kudu loba référénsi ngeunaan agama jeung budaya; jeung
- c. Karya-karya Haji Hasan Mustapa – utamana guguritan – loba anu can kapaluruh eusi jeung maksudna. Ku kituna, kudu aya panalungtikan saterusna, guna meunangkeun konsép jeung pola pikir atawa jalan hirup (*way of life*) HHM.

Guguritan mangrupa karya sastra anu kawilang hadé pikeun ngasah basa jeung daya imajinasi, tapi kiwari geus mimiti leungit di masarakat, utamana di golongan rumaja. Éta hal nuduhkeun yén perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan cara atawa métodeu anu efektif dina prosés régénérasi, sangkan khazanah kasusastraan Sunda buhun minimal dipikawanoh, anu saterusna bisa dilarapkeun.